

BÒZÒ AK TÈTÈ

Reynald Altéma, MD

Relasyon ant fanm ak gason se gwo zafè. Istwa kòkòt ak figawo ant de moun sa yo gen pou l kenbe nou an alèn. Se konsa ke nan Kanperen, yon pwofesè lekòl ke yo te rele Senèk Bato nan batistè l men ke alawonn-badè yo te konnen sou non Bòzò tank li chèlbè, te rankontre ak yon marabou ki te vire lòlòj li. Bèl fanm sa a te rele Terèz Maten. Men lèzentim te pito chwazi rele l Tètè. Premye sa ke tout moun toujou di ke de moun say o, se te *byen jwenn byen kontre*.

Tanpri souple, nou pa dwe kouri pran devan; pran san nou pou degiste koze sa a ki dous kou siwo. Pou kòmpanse, sikonstans rankont la te yon kichòy wololoy. Gran sè Tètè te madan direktè lekòl primè a, mèt Màsèl. Yo te rele l swa Mari-Kàmèl, swa madan Màsèl. Lakay Bòzò te tou pre kay mèt Màsèl e Bòzò te blije pase douvan pòt li chak maten lò li pra l travay. Lisaj te vle ke madan Màsèl ofri Bòzò yon tas kafe. Bòzò te renmen bwè kafe anpil. Li te ka bwè l tout jounen. Bòzò te gen bonjan tou.

Madan Màsèl te di tèt li ke potòrik gason sa a ki selibatè ta dwe fè konesans ak ti sè li. Mari-Kàmèl, ki gen nen fen te fè chwa sa a baze sou aparans yo ansanm avèk tanperaman yo. Tètè te kout, won kou boul tandis ke Bòzò te yon gwo mal gason ki te toujou pare pou souri e tank sa te gen bon bouch. Pou tikrik tikrak li fè w konpliman. Kanta pou bon jan li pa t manke sa ditou. Tètè te yon ti jan timid, sitou lè li pa t abitye avèk yon moun. E poutan Tètè te kwè nan elegans avèk lafwa. Rad sou li pense byen e w te ka wè fòm kò l byen pwononse. Epi kòm li te diplome lekòl Elie Dubois e Tètè te bon ak men li. Li te bwode byen, kwit manje byen pou pa chape e respekte tèt li. Tètè te touskilfo pou fè yon bon madanm.

Se konsa madan Màsèl te invite Bòzò yon dimanch maten apre lamès 8è pou te vin bwè soup joumou avèk yo. Si nou sonje abitud moun Ayiti Toma, dimanch maten pou al legliz, ou dwe fen kou pan. Bòzò te abiye an penpan. Soulye l te klere kou vèni, amidon te fè chemiz li kanpe dwat kou baton gayak. Li te sanble kòm kwa wa pa t kouzen l. Yo mete Bòzò chita anfas yon demwazèl ki fè w sonje rèn bote Klodinèt Foucha. Nèg-pa pantan lè l wè kreyati sa a. Mouche te di nan tèt li, «Kote bèl bote sa a soti»? Bòzò griyen tout trant-de l yo ki te blan kou lèt vach ki fèk tire. Tètè byen elegan avèk kòsaj bwode, byen eskanpe e yon jip plise. Tèt li byen trese an chou. Li te mete yon fa wouj vif. Pou di laverite, ou ta di se te yon bèl pòslèn bondye te kreye e l te vin depoze l chita avèk swen. Kè Bòzò te ap danse yon mereng kànava. Li te wè devan je l yon bijou koulè kachiman, sousi fwonse, yon vwa ki te pi swa ke vlou, ki ka kalme w tankou yon toutrèl ki t ap bay yon serenad. Ki pi plis lè Tètè souri ou ta di li limen yon flanm nan pwatrin Bòzò ki rete tou limen e fè l santi l ap monte nan syèl.

Tètè bò kote pa l te panse, «Ki bèl mèvèy sila ki devan m nan?» Tètè te bese tèt li e li te evite kwaze zye Bòzò paske l te timid. Kan mèm bèl bibit Bòzò ak konpliman mouche t ap simen te touche l. Tètè t ap gade Bòzo anba chal; kè manmzèl t ap sote avèk yon anpresman ki te pi cho pase leve danse.

—Madan Màsèl, ilfo ke m fè w konpliman pou bon soup sa a, e plis sa fè m gran plezi ke w presante m bay pyès bijou ki devan m nan. Li sanble w tèt koupe e se sa ki fè l bèl tankon yon ti zanj.

—Pou soup la se Tètè pou w fè konpliman paske se li ki te leve bonè pou fè l, madan Màsèl reponn.

—Eben mèsì bokou madmwazèl Tètè; sa se jès moun de byen e sa antre nan kè m tou dwat.

—Deryen, mesye, Tètè reponn avèk tèt li bese e yon vwa fèb. Men l t ap swe tankou yon moun ki t ap transpire pandan l ap mache anba solèy midi. Kè l akselere ak tout boulin. Gen yon

bagay ki t ap pase l ke l pa te janm santi avan. Se te yon sansasyon fò ke l pa t ka kontwole e ki te fè l san pozisyon. Chak mo ki soti nan bouch Bòzò penetre nanm li e vin chita sou kè l, soule l e fè tèt li toudi. Bòzò pa t ka tann pou l jwenn yon okazyon pou koze ak li pou te di l ki jan l fè l santi l nan setyèm syèl.

Pita, Bòzò pote pate cho ki soti nan fou boulanjri a. Li te achte krèm kowosòl e presante l a Tètè. Se konsa Bòzò vin kòmanse file Tètè. Lematen avan lekòl, se Tètè ki prepare kafe pou Bòzò. Leswa apre solèy kouche se lakay madam Mèsèl nou te jwenn Bòzò ki t ap koze ak Tètè.

—Jou dimanch ke m te poze zye m sou wou te pi bèl nan vi m. Se kòm si w vini ak yon briz pafime ki te penetre anba po m e ki pa janm lache m.

—Ou si de sa oubyen w ap fè lapati mache? Tètè te mande l. Tètè te pran tan avan pou l te bay Bòzò repons pa l la. Repons lan te ret tann kèk semèn. Li vini premye fwa yo soti ansanm nan yon randevou. Yo te al vizite So Maturin. Bòzò te kenbe men Tètè e li te di lè li te devan bèl chit dlo a: «Lanati kreye bèl bagay kouwè So sa a ke n ap gade a. Men pa gen pi bèl kreasyon ke ou menm». Se konsa yo te bo premye fwa. Tankou Ansy te di, «latè te tranble».

—Mwen renmen w ak tout fòs nanm mwen depi jou dimanch sa a. Se konsa Tètè te reponn li apre de lang yo te kontre. Imajine de moun damou devan yon chit dlo. Yo nèk bo e tout timidite te vole gagè. Tètè timid tounen Tètè Amazòn. Seyans kote yo de te vin entim san rete ni mete, te yon evennman de *rèl-kay-Makorèl* nan bon sans lan. Tètè ak Bòzò te amatè nan koze «mete sik sou bonbon m».

Tou de moun yo te swaf yon bwason ki rele fè lanmou. Chak fwa ke yo te fè yon ti chap pou yo bo, yo te ogmante swaf la, men, yo pa t satisfè li. Sete yon jou ferye e Bòzò pa t al travay. Tètè te vin vizite l nan pyès kay li. Li te mete yon dekòlte ak yon jip plake. Dekòlte a te bay jòf sou bèl tete l yo e jip plake a te pèmèt pwononse egzistans chak dada yo, tankou yon envitasyon pou admire yo e espwa pou te ka manyen e karese yo. Mèyè fason pou esplike aksyon sa a se ta di ke 2 maton ki t ap jwe mab te pase kondisyon *pwenn-fè-pa pou timidite, plezi gaye*.

Tètè te mete tonga ak yon soutyen mens. Li te twò kontan retire dekòlte a lè Bòzò te nèk fè jès la. Nou ka imajine kijan sa te bay Bòzò yon bann pi di ke yon bout fè lè li te wè tablo sa a devan zye l. Tètè pa t kache kotantman lè li te wè gwosè materyo ke Bòzò te genyen nan fant janm li. Se konsa youn kòmanse tatonnen lòt. Nan ka Bòzò, chak tete ke l te karese te lis. Chak pwent tete te kanpe pi dwat ke yon kaporal an gèdavou. Lè li pase lang li sou po a, li te cho e lè li souse pwent tete a, se konsa rèl deklanche; ou ta di ke pyès kay la se te kay Makorèl. Tètè te aksepte kondisyon jwèt mab nèt al kole. Li te swaf manyen e karese gwo kòk sa a. Kòm ki dire «Dieu seul me voit», li pran l nan men l, li gade l, admire l, fè yon ti laponyèt pou eksite l e an de tan twa mouvman pran l pou piwouli e tonbe souse l. Rèl yo anplifye kay Makorèl. Alsiyis te chante tankou yon refren.

Tatonnen ale tribò babò. Bòzò retire tonga e je l pantan sou yon forè byen toufe nan devan Tètè. Forè a te an pant e li te gen yon kav nan mitan l. Kav la te mouye anpil e sansib. Nan antre kav la, sou tèt li, te gen yon santinèl ke chak fwa ke l touche l sa te fè bri alsiyis monte pi wo. Bòzò mete dwèt li epi lang li sou santinèl e li te fè Tètè pouse tout kalte son, sifle, ranni, jape, rele, gwonde, jemi, soufle. Yo rele sa alfabè plezi. Tètè ak Bòzò te fè bagay san gade dèyè nan koze fè lanmou paske yo te damou sal. Jou sa a, latè ak lesyèl te fè gwo eksplozyon. 2 moun damou t ap fè bèl bagay e t ap viv nan paradi sou latè beni.

Men kòm sa souvan rive, jalouzi gen yon fason pou gate manje. Se verite ke Bòzò te renmen Tètè. Se te verite tou ke Bòzò nan bon jan li, prestans li te atire lòt fanm. Men pi gwo verite a se te ke Tètè bèl fanm, te fè tèt gason vire. Tètè pa t tolere wè Bòzò ap pale ak yon lòt fanm e Bòzòpat pa t sipòte gason ki t ap gade Tètè. Jalouzi e lanmou se de bò menm meday. Se te

senpleman yon kesyon tan avan 2 fòs sa yo kontre e fè frap. Te gen manman yon élèv ki te apresye kijan mèt Bòzò te anseye pitit gason li ki te vin travay miyò lekòl, paske avan sa li te medyòk. Se konsa tanzantan li pote yon ti kichòy pou mèt Bòzo, ke seswa ze, lèt kaye, fig e latrye. Yon jou manman an pote yon gwo pat fig pou «mèt cheri l la» e Tètè te la. Mezanmi Tètè soti pou pete eskonprit ak manman elèv la. Erezman, manman elèv la se yon moun saj. Li di: «Madmwazèl, ou pa bezwen enkyete w. Mèt Bòzò a p rann yon gwo sèvis nan bouk la. Li se «mèt cheri» nou tout. Si w se mennaj mèt la m ap trete w menm jan e w ap ti cheri m tou.

Panzou ke jalouzi bay pa t toujou jwenn yon solisyon si fasil ou yon eleman si dosil. Se konsa ke yon choukèt lawouze te fè yon frekansite avèk Tètè e Bòzò met gason sou li pou mande monkonpè dekiprevyen. Lè choukèt la soti pou l fouke Bòzò, li te pran kèk baf nan men Bòzò ki te aprann defann tèt li e sove lonè l. Bòzò te pran prizon, men pa pou lontan paske choukèt la te gen afè ak lòt gwo zotobre nan zòn nan e yo te mete presyon sou ofisye a pou lage l. Repitasyon Bòzò te vin monte.

Kris jalouzi bay reaksyon total kapital. Devan Bòzò, Tètè te piti. Men lè kriz jalouzi envayi Tètè, li vin aji kou gwo tokay li e li pa t ap pè vole nan kòlèt Bòzò. Se sa k te pase yon jou ke l te bare Bòzò ki t ap pale ak yon lòt fi ke yon ti zòrey te di l ke se fanm nèg-pa. Pasyon ke lanmou de moun sa yo te jenere te brital e san rezèv. Menm kote yo goumen, se menm kote yo rekonsilye e pare pou fè lanmou avèk pasyon, «pwenn-fè-pa pou timidite, plezi gaye». Bòzò ak Tètè se te bèl istwa de 2 zòtolan ki renmen, goumen, retounen renmen pi plis e moun ki t ap gade yo te blije rete bouch pe lè yo fè kont paske se yo ki t ap soti wont nan foure bouch nan koze de moun damou. Zòtolan sa yo pa t ka rete lwen youn lòt lontan san yo pa kagou. Se konsa tout man elèv ke mèt Bòzò t ap anseye te fè kotizasyon nan maryaj Bòzò ak Tètè pou yon gato ki te make, «pou mouche ak madan ti cheri nou yo».